



REZIME KLAS #15: Fason pou pote timoun

1. Pandan tout listwa, ras imen an te kontinye deplase, deplase soti nan yon kote pou ale nan yon lòt, epi li te toujou pote pitit li nan deplasman l. Pou sa li te itilize: po bèt, twal, kòd, panyen, elatriye.
2. Lè w pote tibebe a yon fason adapte e san danje, sa imite kondisyon ki andedan vant manman an, ti bebe a tande batman kè yo ak vwa manman l oswa moun k ap pran swen l lan. Li fè l santi yon mouvman ki sanble anpil ak sa l te santi lè l te nan vant e ba l yon santiman pwoteksyon. Konsa ti bebe a devlope pi byen, paske l toujou an kontak ak manman an.
3. Pote tibebe a bay benefis ki sanble anpil ak kontak lè manman an ap bay tete:
 - Li favorize pwodiksyon oksitosin ak pwolaktin, òmòn ki responsab pou pwodui lèt tete a.
 - Lè konsa tibebe a gen tete a sou demann e tete a fasilman aksesib, sant lan gide l nan tete manman an epi manman an idantifye siyal grangou ti bebe a atan.
 - Lè w gen timoun nan tou pre, sa ede w konprann bezwen li pi vit.
 - Li pèmèt de men manman oswa youn rete lib, pandan l ap bay tete.
 - Pozisyon vètikal la ede elimine gaz epi redwi koze rann lèt la, paske l ede lèt la desann epi pa remonte.
 - Mouvman an ede tibebe a byen dijere e evite kolik.
4. Pote timoun se yon aktivite ki pa esklisif pou manman: papa oswa lòt moun ki pran swen de timoun nan kapab pote li epi lap jwenn menm avantaj yo.
5. Pou kò tibebe a devlope nan pi bon fason posib, yo dwe respekte pozisyon natirèl tibebe a adopte, selon laj li ak etap devlopman l. Pou sa, lè y ap pote li, yo dwe pran prekosyon pou jenou yo pozisyon pi wo pase senti a.




Nan fason sa a anch yo pa jennen epi yo ka evite kondisyon tankou displazi anch. Lè konsa kolòn vètebral la byen aliye li pa tòdye.

6. Se pou tèt tibebe a rete nan yon wotè kote manman l ka bese tèt e bo l san pwoblèm, li pa dwe pi ba, paske si li pi ba, li ka glise nan twal la e riske toufe. Anplis sa ka lakoz do moun k ap pote l la twò chaje, sa ki ka lakòz posib doulè nan do.



7. Respekte koube natirèl nan do tibebe a yon fason pou do l devlope kòm sadwa.



8. Nen li ak bouch li dwe vizib e yo pa dwe kole ditou nan twal la pou l ka respire byen. Nou dwe verifye manton an pa kole ak lestomak li, sinon nan fason sa a pasaj lè a ka bloke, e timoun nan ka kouri risk pou l toufe. Twal la ta dwe sere ase pou tibebe a pa glise desann ladann, paske sinon ka gen risk pou l toufe.